22110263

International Baccalaureate®
Baccalauréat International
Bachillerato Internacional

**SHONA A1 – STANDARD LEVEL – PAPER 1**
**SHONA A1 – NIVEAU MOYEN – ÉPREUVE 1**
**SHONA A1 – NIVEL MEDIO – PRUEBA 1**

Wednesday 11 May 2011 (morning)
Mercredi 11 mai 2011 (matin)
Miércoles 11 de mayo de 2011 (mañana)

1 hour 30 minutes / 1 heure 30 minutes / 1 hora 30 minutos

INSTRUCTIONS TO CANDIDATES

- Do not open this examination paper until instructed to do so.
- Write a commentary on one passage only. It is not compulsory for you to respond directly to the guiding questions provided. However, you may use them if you wish.

INSTRUCTIONS DESTINÉES AUX CANDIDATS

- N'ouvrez pas cette épreuve avant d'y être autorisé(e).
- Rédigez un commentaire sur un seul des passages. Le commentaire ne doit pas nécessairement répondre aux questions d'orientation fournies. Vous pouvez toutefois les utiliser si vous le désirez.

INSTRUCCIONES PARA LOS ALUMNOS

- No abra esta prueba hasta que se lo autoricen.
- Escriba un comentario sobre un solo fragmento. No es obligatorio responder directamente a las preguntas que se ofrecen a modo de guía. Sin embargo, puede usarlas si lo desea.


© International Baccalaureate Organization 2011

https://xtremepape.rs/

*Sarudza ndima* ***imwe*** *chete pane mbiri dzinotevera, ugonyora pfungwa dzako pamusoro payo.*

**1.**

Kuzvara kwedzangu nyoka, aiwa, ndiko kunonzi kubvisa mapundu muura chokwadi. Chandakauyira zvangu. Kuzvigujurisa nebhazi raiye Zvanguzvauya anoti kana omhanya haachaziva kana kuziva zvake… iye mukati haaputi mbanje? Iwo maziso anongogara akati kovo-o kutsvuka segudo radya chiviroviro*… tichamunzwa chete. Aiwaiwa, kuzvara kwedu madzimai, hameno.

Zvinowo ndizvo zviri pano izvi. Hanzi mwana akati ndiri kuuya saka mhai musagare, akati mungandigumbura. Zvino ndizvo zvandavinga zvokusvikodhadhairwa kudai? Ndizvo zvandasiyira mamera angu ari muna Nyahoni zvokusvikoitirwa madzanambwanana akadai? NaMai vangu VaZvinokona vachandiona vana vaChimbumu. Chokwadi vaera Ngara vanoti vakariwana wadawatasva dhongi rapachigayo paMunyimi. Kuti uku baba vavo vanondibata neminwe ine zvimbi nairwo rukadzi rwavo Kwanhurai ruroyi zvarwo rwadai kundipedzera vana vangu… dai vakararama maiti vese vaizoitao mapenzi here? Zvino zvakwasara ivava vaviri vanoti irori zigotsikosti rigere apo iro naiyeyu mudiki anotsenga mukanwa kunge anosvisvina dohwe, hamheno, nhaka huona namacheche. Chowadi vachanzwa zvonzi ndaeredzwa naMwerari.

Rwuri irwo rukadzi rwacho runotya pasi sapanoruma. Munhu ndokuita kukotama kwokuita sezvinonzi uri dhibhura? Hanzi a, he, handichagara pamusha ndiri kupedzerwa vana vangu. Vana chete? Ndivo vaunoti ndakapedzerwa? Ko, isu takakwanhurirwa vese tikagodai tichiri vapenyu wani? Zvino imo muno muHarare makasouyiwa kare kare hanzi ndimo mava mumusha here? Vana vakura minwe ndokureba seyavaRungu nokusaziva badza! Haiwaiwa, nhaka vachadya tara. Kudoti zvinhu zvinofambirwawo zvichigadziriswa, dzoro kwangwa, hanzi handibati zvechihedheni, ndinonamata. Zvechihedheni zvatakangokura tichirerwa nazvo? Nhasi iwe ndiwe wangwara kudarika madzitateguru edu isu akatiudza kuti upenyu hwedu huri muvhu ratatsika iri? Nhasi ndiwe wava mazivazvose, mazvigona anondiudza ini mai vakakuzvara kuti zvamashopeshope ndezvedima? Ho-o, ita zvako mukomana. Musi wandinoti didinya, chowadi musi wandinoparuma pasi apa uchabuda chinzvinzvi nomukanwa, naVaZvinokona vari Daramombe. Handinzarwo ini.

Ko, zvino zwawangosarira naikwo kunamata kwakoko, chiitawo mabhazi nezvitoro zvinoita vamwe? Zvatiri kungoonazve vamwe vachiti nyika yakauya ivo vongosweromhanya nekurova makuva nokupira midzimu yavo, zvinhu zvavo zvichingofambira mberi takatarisa.

Charles Mungoshi, *Kunyarara Hakusi Kutaura?* (1983)

---

* chiviroviro: muchero womusango unovava uye unodhaka

– Unoti kudii nemabudisirwo aitwa mutambi mukuru mundima.

– Unofungei pamusoro pomutauro nezvidavado zvasevenzeswa mundima.

– Unofungei nevavariro yomunyori uye munyori abudirira zvakadii mukuibudisa.



https://xtremepape.rs/

**2.**

**Yakarwiwa nesu**

Inzwai!
Hondo iyi yakarwiwa nesu isu vaive *overseas*,
Ndisu takaita *mobilise* mari nerutsigiro rwekunze,
Uku tichirovawo chikoro, kugadzira *future* yenyika.

Aiwa!
Hondo yakarwiwa nesu isu taive mhiri kwenzizi,
Ndisu takayambusa nokuita *conscientise* vakoma nevasikana,
Nokuvadzidzisa kubata gidi uku pamwe nokushanda navabereki.

Kwete!
Hondo yakarwiwa nesu isu vanamukoma vemusango,
Ndisu takarova gidi uku tichiita *politicise* ruzhinji,
Tichirara musango muchirimo, muzhezha nemuchando.

Bodo!
Hondo yakarwiwa nesu isu vanamujibha nanachibwido,
Ndisu takatakura zvombo uku tichiita *reconnaissance*,
Tichiwachira varwi nhumbi, uku sadza tichibika mabhodho.

Nyangwe!
Hondo yakarwiwa nesu isu vabereki mumamisha,
Ndisu taitenga nhumbi matanga tikatsvaira ose,
Uku tichitsigira nemorari, midzimu tichiteketera.

Hongu tinotenda,
Hondo yakarwiwa, ropa rikayerera, misha ikaparara,
Nhasi nyika yataida yava yedu, takaisunungura,
Asika, ndiani ane kiyi dzedura renyika pakati penyu,
Ativhurire tinokorere vana zviyo tivabvuwire kasadza
Hezvi miromo yati papata kunge vapoteri vehondo.

Chirikure Chirikure, *Kakurarwi* (1998)

– Unofungei nezvinangwa zvanyanduri munhetembo uye kuti zvaburitswa sei.

– Wakanangana namaumbirwo enhetembo nokuburitswa kwedingindira unofunga nyanduri abudirira zvakadii.

– Unofungei nomutauro uye zvidavado zvasevenzeswa nanyanduri munhetembo.



https://xtremepape.rs/